



# METROWEST REGIONAL TRANSIT AUTHORITY

*Sistèm Transpò Piblik*

15 Blandin Ave Framingham, MA 01702

Telefòn (508) 935 2222 ▪ Faks (508) 935 2225 ▪ [www.mwrta.com](http://www.mwrta.com)

## Pwogram Tarif Gratis 2024 MWRTA TryTransit

### Framingham, MA – Revize 15 fevriye 2024

TryTransit tounen!

MassDOT ansanm ak Lejislati a te re-otorize Pwogram TryTransit la pou 2024.

Pasaje Wout Fiks ak Demand Repons MetroWest Regional Transit Authority yo pral gen opsyon tarif gratis apatide 1ye janvyè 2024 jiska 30 jen 2024.

Pasaje Wout Fiks yo pral dwe gen yon MWRTA Catch Card ki enskri pou pran avantaj pwomosyon sa a. Catch Cards gratis pou tout pasaje epi yo ka vin pran yo nan men nenpòt chofè Wout Fiks MWRTA oswa nan yon sant MWRTA Central Hub ki chita nan 15 Blandin Ave., Framingham MA. Catch Cards yo dwe enskri pou resevwa pwomosyon an – kidonk asire w pou w enskri kat ou swa:

- lè w itilize MWRTA Catch App
- lè w vizite MWRTA Blandin Hub la
- lè w rele nan (508) 935 – 2222

Yonfwa yo enskri, pasaje yo kapab re-itilize menm kat la chak fwa yo vle. Kat dirab sa yo kapab dire pandan plizyè ane, men si ou bezwen yon ranplasan, tanpri vini nan santral la pou jwenn yon nouvo kat. Depi ou enskri li, kat ou an pral resevwa otomatikman yon pass ki pral valab 1ye janvyè jiska 30 jen.

Pandan pwomosyon sa a, pasaje Wout Fiks yo kapab itilize Catch Card nan bis la, GRATIS. Pasaje ki deja gen yon Catch Card ki enskri pral resevwa otomatikman yon pass ki valab jiska 30 jen – ou pa bezwen fè anyen pou sa! Nenpòt valè ki estoke oswa abonnman mansyèl ki chaje sou kat yo pral rete pou yo kapab disponib lè yo rekòmanse pri biyè yo nan dat 1ye jiyè 2024 – ou pa bezwen chaje epi dechaje kat ou an! Pasaje yo ki gen fonksyon “renouvle otomatikman” ki aktive sou app la p ap faktire pandan peryòd pwomosyon an.

Yo pral mande pou pasaje sa yo ki pa gen yon MWRTA Catch Card pou yo peye yon pri tikè nòmal \$1.50 oswa yon rabè sou pri tikè – kidonk pa bliye pran Catch Card ou an jodi a!

Yo pral mete yon poz sou kont debi pasaje Demand Repons yo epi y ap ka deplase gratis san yo pa bezwen peye tarif biyè pandan peryòd sa a.

Tarif Catch Connect yo pral rete \$2.00 pou chak deplasman, ki peye swa atravè App MWRTA Catch la oswa atravè yon kont debi ki kreye atravè MWRTA an.

MWRTA kontan anpil pou patisipe nan pwogram sa a epi li vreman ankouraje tout pasaje Wout Fiks yo pou ale pran yon Catch Card epi enskri li jodi a pou pran avantaj de pwomosyon an! Bòn Fèt Fen Dane!

Ou ka jwenn tout detay ak enfòmasyon yo nan [www.mwrta.com/fares](http://www.mwrta.com/fares). Si ou gen nenpòt lòt kesyon, tanpri rele nou nan (508) 935-2222 oswa imèl nou nan [info@mwrta.com](mailto:info@mwrta.com).

###